



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE  
LYETNAN FDNY EMS ALISON RUSSO-ELLING KI TONBE**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding Eta a yo pral flote a demi ma nan vandredi 30 septanm pou onore Lyetnan FDNY EMS, Alison Russo-Elling ki tonbe. Yo ta dwe bese drapo a demi ma lè solèy leve vandredi 30 septanm, epi yo ta dwe retounen flote li nèt apre sèvis fineray Lyetnan Russo-Elling la.

"Nou kriye pou pèt Alison Russo-Elling, yon Lyetnan EMT ke yo te touye pandan l te an sèvis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kè nou ak fanmi li pandan n ap onore lavi li epi sonje li kòm yon ewo. Mwen konnen tout Nouyòkè yo rekonesan pou sèvis li pandan plis pase de deseni ak FDNY epi kòm premye sekouris World Trade Center."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418